**दिन—मंगलवार** **दिनांक—03.12.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

राज्य सरकार भूमि सर्वेक्षणक लेल स्वघोषणा के समय सीमा छओ मासक लेल आओर बढ़ा देलक अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अध्यक्षता मे राज्य मंत्रिमंडलक भेल बैसक मे एहि आशय के प्रस्ताव के स्वीकृति देल गेल। बैसक के बाद कैबिनेट विभागक अपर मुख्य सचिव डॉक्टर एस. सिद्धार्थ जनौलनि जे आब रैयत के दावा करबाक लेल साठि दिन आ दावा के निबटारा के लेल सेहो साठि दिनक समय भेटत। ओतहि, एक आन निर्णय मे कैबिनेट शंकर नेत्रालय फाउंडेशन पटना मे आँखिक इलाजक लेल सुपर स्पेशियलिटी अस्पताल खोलबाक प्रस्ताव के सेहो स्वीकृति देलक अछि। पटना के कंकड़बाग मे ई अस्पताल खोलल जायत। एहि अस्पताल मे अढ़ाई लाख टाका सँ कम वार्षिक आमदनी वला मरीज लोकनि के निःशुल्क इलाजक सुविधा भेटत। संगहि आम मरीज लोकनिक सेहो सब्सिडी दर पर इलाज होयत।

---

प्रदेश मे पैक्स चुनावक पाँचम आ अंतिम चरणक मतदान शांतिपूर्ण वातावरण मे संपन्न भऽ गेल। एहि चरण मे तैंतीस जिलाक एक सय सात प्रखंडक एक हजार अंठानवे पैक्स के लेल मतदान कयल गेल। मतक गिनती काल्हि होयत। छओ दिसम्बर धरि राज्य मे पैक्स चुनावक प्रक्रिया पूरा कऽ लेल जायत।

---

राज्य सरकार केन्द्रीय प्रतिनियुक्ति सँ घुरल भारतीय पुलिस सेवाक वरिष्ठ अधिकारी कुंदन कृष्णन के पुलिस मुख्यालयक अपर पुलिस महानिदेशक बनौलक अछि। सरकार जे.एस. गंगवार के महानिदेशक मुख्यालय के अतिरिक्त प्रभार सँ मुक्त कऽ देलक अछि। ओतहि, पंकज दाराद के अपर पुलिस महानिदेशक, विधि व्यवस्था के पद पर पठाओल गेल अछि। पुलिस महानिरीक्षक, आतंकवाद निरोधक दस्ता के पद पर शालीन के नियुक्ति कयल गेल

अछि। विवेक कुमार के पुलिस उप महानिरीक्षक भागलपुर, संजय सिंह के अपर पुलिस महानिदेशक प्रशिक्षण आ विवेकानन्द के बिहार एटीएस के उप महानिदेशक बनाओल गेल अछि।

———————————————————————

शिक्षा विभाग वर्ष दू हजार पचीसक कैलेंडर जारी कऽ देलक अछि। कैलेंडर के अनुसार अगिला वर्ष सरकारी विद्यालय सभ मे बहत्तरि दिनक अवकाश होयत। विभाग कैलेंडर मे शीतकालीन अवकाश के सेहो स्वीकृति देलक अछि। अगिला वर्ष पचीस दिसम्बर सँ एकतीस दिसम्बर के मध्य विद्यालय सभ मे शीतकालीन छुट्टी रहत। ओतहि, दू जून सँ एकैस जून धरि गर्मी के छुट्टी रहत

———————————————————————

कृतज्ञ राष्ट्र आइ देशक पहिल राष्ट्रपति डॉक्टर राजेन्द्र प्रसादक एक सय चालीसम जयंती पर हुनका श्रद्धापूर्वक स्मरण कयलक गेल। मुख्य समारोह पटना मे राजभवन के राजेन्द्र चौक आ बांसघाट स्थिति हुनक समाधि स्थल पर आयोजित कयल गेल। जतऽ राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार हुनका भावशिक्त श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। डॉक्टर राजेन्द्र प्रसादक जन्म स्थान सीवान के जीरादेई मे सेहो हुनक जयंती पर कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल। राज्य मे हुनक जयंती मेधा दिवसक रूप मे मनाओल जा रहल अछि। एहि अवसर पर पटना मे आयोजित एक कार्यक्रम मे मैट्रिक आ इंटरमीडिएट के परीक्षा मे राज्य टॉपर रहल पचहत्तरि विद्यार्थी लोकनि के नगद राशि आ प्रशस्ति पत्र प्रदान कयल गेल।

———————————————————————

निगरानी जाँच ब्यूरोक टीम मुजफ्फरपुर जिलाक कुढ़नी प्रखंडक अमरख पंचायत के राजस्व कर्मचारी जसपाल कुमार के बीस हजार टाका रिश्वत लैत रंगे हाथ गिरफ्तार कयलक अछि। गिरफ्तार कर्मी जमीनक दाखिल–खारिजक लेल शिकायत कर्ता सँ घूस लऽ रहल छल।

———————————————————————

आई अंतर्राष्ट्रीय दिव्यांग दिवस अछि। एहि अवसर पर राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू नव दिल्ली मे तैंतीस प्रतिशत के दिव्यांगता बला अनुकरणीय व्यक्ति आ संस्थानक सशक्तिकरण लेल राष्ट्रीय पुरस्कार प्रदान कयलनि। ओतहि, एहि अवसर पर प्रदेशभरि मे सेहो कतेको कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल। पटनाक हिन्दी साहित्य सम्मेलन परिसर मे आयोजित कार्यक्रम मे विभिन्न संगठन राज्य सरकार सँ दिव्यांग लोकनिक कल्याणक लेल फराक विभाग सृजित करबाक आ दिव्यांग बेरोजगार लोकनि के हरेक मास चारि सय के स्थान पर चारि हजार टाका पेंशन देबाक मांग कयलक अछि।

————————————————————————

पूर्णियांक सांसद पप्पू यादव के धमकी देबाक मामिला मे पुलिस एक महत्वपूर्ण उद्भेदन कयलक अछि। पुलिस अधीक्षक कार्तिकेय शर्मा जनौलनि जे सांसद के वीडियो पठा कऽ जान सँ मारबाक धमकी देबऽबला आरोपी हुनके समर्थक अछि। ओ कहलनि जे सांसद के समर्थक लोकनि हुनके कहबा पर धमकी बला वीडियो बनौलक आ ओकरा सांसद के व्हाट्सप पर पठौलक। पुलिस अधीक्षक जनौलनि जे पप्पू यादव के जेड सिक्योरिटी दिएबाक लेल ई पूरा षडयंत्र रचल गेल।

————————————————————————

मुजफ्फरपुर जिलाक साहेबपुर थाना अंतर्गत दरिया छपड़ा गामक लऽग मोटरसाइकिल आ डी.जे ट्रॉली के टक्कर मे तीन गोटे के मृत्यु भऽ गेलनि जखनकि एक आन गोटा घायल भऽ गेलाह।

————————————————————————

प्रदेशक तापमान मे लगातार कम बेसी हेबाक क्रम जारी अछि। पछुआ हवा के गति कम हेबा सँ उच्चतम आ न्यूनतम तापमान एखनहुँ सामान्य सँ ऊपर बनल अछि। मौसम विज्ञान केन्द्र पटना के वैज्ञानिक कुमार गौरव जनौलनि जे अगिला दू दिन मे तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तन हेबाक संभावना नहि अछि। एकर बाद तापमान मे दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस के कमी आबि सकैत अछि।

समाप्त